

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra téh mangrupa hasil kréativitas manusa anu ngandung ajén éstétis jeung ajén kahirupan (Mustaqim, spk. 2019). Lian ti éta, karya sastra tangtu mangrupa hasil imajinasi manusa nu diébréhkeun dina wangun tulisan. Semi (2012, kc. 1) nétélakeun yén ayana sastra disababkeun ku ayana rojongan tina diri manusa pikeun ngébréhkeun jati diri, ayana minat kana masalah-masalah nu karandapan, jeung ayana minat kana réalita nu lumangsung dina unggal jaman. Luyu jeung pamadegan diluhur, karya sastra jeung kahirupan manusa silih pakait jeung teu bisa dipisahkeun. Sastra lain mangrupa komunikasi praktis, tapi mangrupa komunikasi anu ngandung unsur seni jeung unsur kréatif. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Isnendes (2010, kc. 10) yén karya sastra minangka prosés kréatif taya lian ti éksprési pangarang dina ngagelarkeun karyana ngaliwatan medium basa, boh lisan boh tulisan.

Salasahiji wangun sastra nyaéta carita atawa naskah drama. Drama nyaéta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama (Isnéndés, 2010:75). Lian ti éta, drama ogé mangrupa karya sastra nu ngungkabkeun carita ngaliwatan dialog-dialog tokohna (Koswara, 2010:115). Pangarang naskah drama ogé loba ngadaptasi sababaraha kajadian nu karandapan ku manusa sapopoéna (Asmaniah, 2015). Cindekna, drama nyaéta salasahiji hasil karya sastra nu ngagambarkeun paripolah manusa nu ngandung konflik dina wangun dialog jeung akting di hareupeun nu nongton. Nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 75) papasingan drama téh aya dua, drama tradisional jeung drama modérn. Warna drama modérn aya nu ditembangkeun, dikawihkeun atawa semi modérn jeung dilakonkeun biasa. Drama tradisional téh wangun téater nu dihasilkeun tina masarakat étnik. Drama modérn, wangun téater nu dumasar kana tradisi tulis, minangka hasil budaya bangsa Indonesia sanggeus pataréma jeung budaya kulon atawa barat. Nurutkeun Dewojati (2010, kc.1) drama diciptakeun pikeun ngahibur tur méré mangpaat ka nu maca (lamun dramana ditulis) jeung ka nu nongton (lamun dramana

dipagelarkeun). Minangka sastra tinulis, naskah drama miboga kalungguhan nu sarua jeung prosa katut puisi, nyaéta pikeun diaprésiasi. Ieu hal luyu jeung pamadegan Endraswara (2011, kc. 144) nu nyebutkeun yén drama téh karya sastra nu éndah sabab nyampak ajén éstétika jeung artistik, jadi drama kudu diaprésiasi.

Drama bisa diaprésiasi ku cara nganalisis strukturna. Patali jeung éta hal, Abrams (dina Koswara, 2013, kc. 12) nétélakeun aya sababaraha pamarekan dina karya sastra nyaéta 1) kritik mimétik, nu napak kana sawangan yén karya sastra mangrupa hiji titiron atawa gambaran dunya jeung kahirupan manusa, 2) kritik pragmatik, nyaéta kritik nu disusun pikeun ngahontal tujuan nu tangtu keur nu macana, 3) kritik éksprésif, nyaéta kritik nu nandeskeun talaahna kana kaparigelan pangarang dina ngamalirkeun gagasanna, 4) kritik objéktif, nyaéta kritik sastra dumasar kana sawangan yén karya sastra saéstuna mangrupa karya nu mandiri, miboga dunyana sorangan. Ditétlakeun ku Hasanuddin (2009, kc. 93-123) karya sastra winangun drama miboga unsur-unsur nu sarua jeung sastra nu séjénna saperti novél, roman, atawa carita pondok, nyaéta téma, tokoh, latar, alur jeung amanat (unsur naratif drama). Lian ti éta, nurutkeun Stanton (2012, kc. 20) nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana carita.

Nurutkeun Mukarovsky dina Faruk (2015, kc. 77) karya sastra mangrupa fakta semiotik, ari semiotik téh mangrupa kamekaran tina pamarekan struktural. Semiotik bakal maluruh tur nyangkem ma'na unggal unsur nu aya dina karya sastra. Kecap semiotik asalna tina basa Yunani "*semeion*" atawa "*semion*" (tanda). Jadi, semiotik nyaéta élmu tanda. Tanda hartina lega pisan. Saperti sora, rasa, wangun, sakabéhna kaasup tanda (Isnéndés, 2018:97). Nurutkeun Barthes (dina Isnéndés 2010:57) semiotik nya éta nalungtik sagala sistim tanda, naon baé substansi jeung watesanana: gerak, sora, musik, objék, atawa asosiasi kompléks tina sakabéhna. Tina wangenan diluhur, panalungtik nyindekkeun yén semiotik téh élmu nu nalungtik ngeunaan tanda jeung sagala hal nu patali jeung éta tanda kalawan tujuanna pikeun maluruh harti nu sabenerna.

Tina hasil idéntifikasi dina naskah drama "Wanci" karya Ayi G. Sasmita nu nyaritakeun ngeunaan jalan kahirupan manusa nu kumelendang di alam dunya. Pangarang méré hiji pasipatan jalma dina unggal tokohna. Ieu naskah drama pinuh ku ungkara-ungkara nu ngandung ma'na eusi carita ngagambarkeun kahirupan

jeung ngandung ajén moral jeung réligi. Ku kituna, ieu naskah mibanda simbol nu ngirut pikeun ditalungtik. Tina sababaraha éta hal, jadi dadasar kunaon ieu naskah dipilih ku panalungtik minangka hiji tarékah pikeun numuwuhkeun budaya Sunda katut basana, sarta mekarkeun pangajaran sastra Sunda dina widang atikan.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama basa Sunda masih kawilang langka. Luyu jeung pamadegan Dwijayanto (2015) nu nétélakeun yén naskah drama masih langka diapresiasi sabab naskah drama di Indonesia can didokuméntasi sacara bener. Panalungtikan nu medar ngeunaan naskah drama nyaéta “Analisis Naskah Drama “Meredong” karya Rosyid E. Abby saduran tina Naskah Drama “Ke” Karya Yudhistira ANM Massardi (Ulikan Semiotik)” nu ditalungtik ku Sanjani (2012), “Naskah Drama “Jeblog” karya Nazarudin Azhar (Tilikan Strukturalisme Genetik)” ku Yosef M. Ibrahim (2014), “Analisis Semiotik Naskah Drama “Sadrah” karya Nazarudin Azhar” ku Yokeu Darisman (2014), “Analisis Struktur jeung Psikologi Sastra Naskah Drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita” ku Ryan Rubi Pasha (2017) sarta “Naskah Drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XI (Ulikan Struktural jeung Semiotik)” ku Ferdina Husdianto (2018).

Naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita ieu can kungsi ditalungtik sacara struktural jeung semiotik. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Naskah Drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Drama di SMA kelas XII (Ulikan Struktural-Semiotik)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta

- a. Kumaha struktur naskah drama jeung unsur naratif drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita?
- b. Kumaha unsur semiotik nu nyampak dina naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita?
- c. Luyu henteuna naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita dijadikeun alternatif bahan pangajaran apresiasi drama di SMA kelas XII?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngamumulé sastra Sunda hususna dina widang katéateran, sarta maluruh struktur jeung semiotic naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun sumber pikeun panalungtikan kahareupna.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan ogé mibanda tujuan husus, nyaéta

- a. Maluruh struktur naskah drama jeung unsur naratif naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita.
- b. Maluruh unsur semiotik nu nyampak dina naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita.
- c. Maluruh luyu henteuna naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngariksa sastra Sunda hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan naskah drama, struktural, jeung semiotik dina karya sastra.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun nu nalungtik: bisa nambahan élmu pangaweruh.
- 2) Pikeun kamekaran élmu: bisa jadi sumber réferénsi utamana bisa méré gambaran hususna pikeun Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda ngeunaan panalungtikan struktural jeung semiotik.
- 3) Pikeun guru: salaku bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII.
- 4) Pikeun masarakat: nambahan pangaweruh sarta ngadeudeulan informasi ngeunaan struktur jeung semiotik dina naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha nu diébréhkeun ieu dihandap.

Bab I Bubuka, eusina medar kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Eusina medar ngeunaan tiori sastra, drama, struktural, semiotik, bahan pangajaran, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méthode Panalungtikan. Ngaguar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dijéntrékeun ngeunaan analisis struktural jeung semiotik dina naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita sarta larapna pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII.